

# #ALERTE SANTÉ 24h/24

3104 0001 - ARTIBONITE

[alerte.sante.01@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.01@mspp.gouv.ht)

3104 0002 - CENTRE

[alerte.sante.02@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.02@mspp.gouv.ht)

3104 0003 - GRAND'ANSE

[alerte.sante.03@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.03@mspp.gouv.ht)

3104 0004 - NIPPES

[alerte.sante.04@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.04@mspp.gouv.ht)

3104 0005 - NORD

[alerte.sante.05@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.05@mspp.gouv.ht)

3104 0006 - NORD-EST

[alerte.sante.06@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.06@mspp.gouv.ht)

3104 0007 - NORD-OUEST

[alerte.sante.07@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.07@mspp.gouv.ht)

3104 0008 - OUEST

[alerte.sante.08@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.08@mspp.gouv.ht)

3104 0009 - SUD

[alerte.sante.09@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.09@mspp.gouv.ht)

3104 0010 - SUD-EST

[alerte.sante.10@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante.10@mspp.gouv.ht)

3104 0011 - NATIONAL

[alerte.sante@mspp.gouv.ht](mailto:alerte.sante@mspp.gouv.ht)



RELE NAN

**+509 4343 3333**

Si w santi sentom

**Ann Pwoteje n  
Youn ak lòt**

# KIJAN POU NOU EVITE NOUVO GRIP KOWONAVIRIS (CoVid-19)

KIJAN POU NOU  
EVITE NOUVO GRIP  
KOWONAVIRIS  
(CoVid-19)



**Toujou lave men nou ak  
savon ak dlo;**



**Kouvri bouch nou ak nen  
nou lè n ap touse oswa  
estènen;**



**Byen kuit tout vyann oswa  
ze yo avan nou manje yo;**



**Evite kole ak moun ki mal  
pou respire, k ap touse epi  
k ap estènen;**




**Evite manyen bouch nou,  
je nou ak nen nou;**



Sistèm Nasyonal k ap  
jere Risk ak Dezas  
Sekretarya Pèmanan k ap  
jere Risk ak Dezas



Sistèm Nasyonal k ap  
jere Risk ak Dezas  
Sekretarya Pèmanan k ap  
jere Risk ak Dezas



# KOWONAVIRIS






# KISA NOU PRAL APRANN

- KISA LI YE
- KI JAN LI PWOPAJE
- KI JAN LI DEKLARE
- DYAGNOSTIK | TRETMAN oswa VAKSEN | Swen sipòtif
- COVID-19 LA SE YON EPIDEMI
- PREVANSYON
- SI OU GEN PLIS RISK POU OU MALAD'
- **Pran prekosyon ki nesesè**
- SI OU DEVLOPE SIY COVID-19
- SIY DANJE POU ALE LOPITAL
- PANIK LA PA NESESÈ



# KISA LI YE



yon viris tankou viris lagrip la



Li komanse enfekte moun an desanm 2019 nan peyi Lachin

Li atrapan anpil



Li transmèt de moun a moun

Li transmèt lè on moun ki déjâ malad etènye oswa touse a yon distans pi piti pase 3 pa de lòt moun



Li transmèt tou si ou touche on objè/mèb kontamine epi mete men w nan je, nen w oswa bouch ou

# ▶ Kijan li pwopaje

- On moun ki ap pale, touse oswa etènye, voye ti gout krache ki enfekte. Krache sa a tonbe sou sa ki tou pre l (biwo, tab, telefòn...)
- Si on moun ki pa malad vin manyen sifas sa yo epi li manyen bouch li, nen l oswa je l apre sa, li kapab enfekte tèt li
- Si on moun kanpe a mwens pase 3 pa moun ki malad la, li kapab respire ti gout krache yo epi pran maladi a tou



# Kijan li deklare

- Maladi a kapab deklare jiska 14 jou
  - *Gen moun ki enfekte san yo pa gen okenn siy*

## ***SIY***

- *Grip avèk gwo lafyèv, mal gòj, touse, souf kout epi tèt fè mal*

## ***Ka maladi grav yo,***

- *yo jwen yo sèlman nan kèk moun ki pi fèb tankou:*
  - *moun ki gen plis pase 65 lane,*
  - *moun ki fimen*
  - *moun ki deja malad, ki dyabetik, ki gen pwoblèm kè oswa poumon*
- *li atake poumon avèk lòt ògan tankou ren epi aparèy respiratwa*



- **DIAGNOSTIK**

*Egzamen spesyal Li fèt a pati on fwoti yo pran nan gòj ou avèk yon kotontij*

- **TRETMAN** oswa **VAKSEN**

*Pa egziste*

- **Swen sipòtif (80% nan moun ki enfekte yo geri san yo pa devlope fòm grav la)**

Medikaman pou lafyèv avèk doulè (paracetamol oswa acetaminophen)

Medikaman pou tous

Anpil likid avèk repo





Corona Virus Monitoring : sit ki bay enfomasyon sou done yo  
<https://infographics.channelnewsasia.com/wuhan/gmap.html>

# COVID-19 LA SE YON PANDEMI

## Global Map

*As of 12:00 p.m. ET March 14, 2020*





### NOVEL CORONAVIRUS MAP

170,534 moun ki touche  
6,652 Moun ki mouri  
(3.90%)

67,003 moun ki rekipere  
\* (43.12%)

Last updated 10:14am  
Mar 16, 2020





# PREVANSYON

- Lave men w avèk dlo ak savon oswa avèk on likid a baz alkòl
- Bouche bouch ak nen w lè wap touse oswa etènye
- Evite KONTAK avèk moun ki malad
- Asire w vyann avèk ze byen kuit lè wap fè manje
- Netwaye tout objè/mèb nou touche souvan tanzantan
- Izole moun ki gripe yo
- Evite vwayaje nan zòn ki kontamine yo e si ou ladan yo, evite kote ki gen twòp foul
- Mask yo pa rekomande, sèlman pou swayan ak malad



# SI OU GEN PLIS RISK POU OU MALAD

■ Asire w ou gen tou sa ou bezwen lakay ou:

- *Medikaman ou pran regilyèman si ou malad*
- *Medikaman pou trete lafyèv avèk mal tèt/mal gòj*
- *Mouchwa an papye (napkin)*
- *Ase bagay pou si ou bezwen rete kèk jou lakay ou san ou pa soti*



## ■ *Pran prekosyon ki nesesè*



- Lave men w souvan
- Lave men w pandan 20 sekond ak savon antibakteryen e dlo lè ou soti nan on kote piblik, lè ou touse, etènye oubyen mouche
- Si ou pa jwenn savon antibakteryen itilize hand sanitizer
- Evite manyen bagay plizyè moun manyen nan kote ki piblik tankou manch pòt, ray eskalye avèk men lòt moun, lajan
- Lave men w apre ou manyen on bagay nan lye piblik yo tankou mache, biwo oswa jim
- Evite touche je w, nen w, bouch ou
- Netwaye epi dezenfekte kay ou tanzantan, sitou sifas moun manyen anpil yo tankou manch pòt, switch limyè, tab, biwo, telefòn, wobinèt
- Evite rete nan espas kote lè a pa sikile





- Si kowonaviris la rive nan zòn ou:  
eseye rete lakay ou le plis ou kapab




# SI OU DEVLOPE SIY COVID-19

- Rete lakay ou, evite soti oswa pran transpò piblik
- Rele doktè w
- Rele sèvis ijans MSPP: 4343-3333 / 4444-3333
- Detèmine a lavans kilès ki ap ede w pou ravitayman
- Izole tèt ou de lòt moun oswa animal nan kay la
- Swiv siy avèk sentom ou: doulè, tanperati...
- Si ou viv avèk lòt moun itilize on mask
- Pa pataje bagay pèsonèl avèk lòt
- Lave byen tout istansil ou itilize



# SIY DANJE POU ALE LOPITAL

- Difikilte pou respire
- Doule nan pwatrin ki pa kanpe
- Konfizyon
- Bouch ou ak vizaj ou ap vin ble



# PANIK LA PA NESESÈ

- Nan dat 15 mas 2020, gen 343 moun ki mouri de konsekans enfeksyon pa kowonaviris
- Nan menm tan sa a genyen:
  - 26,283 moun ki mouri kansè
  - 24,641 moun ki mouri maladi kè
  - 8,640 timoun ki mouri de konsekans malnitrisyon
  - 4,300 moun ki mouri pou kòz dyabèt
  - 3,024 moun ki touye tèt yo
  - 2,740 moun ki mouri paske on moustik te pike yo
  - 1,300 moun lòt moun asasinen






# DISKRIMINASYON AVEK AGRESYON PA CHANJE ANYEN!

■ Pa bliye,

si ou suiv mezi prevansyon yo,  
pwobabilite pou ou enfekte a ba anpil



# LAVE MEN NOU



« Qu'on se lave, parce  
qu'autrement on aura la  
gale et ça chatouille.

LE TIP-TAP, UNE SOLUTION SIMPLE  
POUR SE LAVER LES MAINS





# PRATIKE IJYEN RESPIRATWA

- EVITE RETE A MWEN PASE 3 PA DE MOUN KI  
GEN SIY KOWONA YO

MESI





# SIY AK SENTOM MALADI GRIP NOUVO KOWONAVIRIS 2019

**Kèk siy ki ka few sispèk yon moun malad**

**Kèk siy ak sentom ki ka parèt lakay yon moun ki malad**



**Tèt fè mal**



**Gòj fè mal**



**Lafyèv frison**



**Tous**



**Tous**



**Souf kout**




**Lestomak fè mal ak batman kè**



**Mal pou respire Etoufman**

## **Kòman yon moun ka bay maladi a ?**

kowonaviris la simaye lè yon moun ki malad pale, estènen, touse, oswa gen kontak sere ak lòt moun



**1mèt 50**  
**3 pa konsa**



## **Atansyon !**

Respekte konsiy yo epi kenbe ti distans lan !

Pou tout enfòmasyon rele nan :

**+509 4343 3333**



**Sistèm Nasyonal k ap jere Risk ak Dezas**  
Sekretarya Pèmanan k ap jere Risk ak Dezas



Ministè Sante Piblik ak Popilasyon

# **Kòman yon moun ka bay maladi a ?**

kowonaviris la simaye lè yon moun  
ki malad pale, estènen , touse ,  
oswa gen kontak sere ak lòt moun

